

# AKADEMI KREYÒL AYISYEN

KOMITE SELEKSYON AKADEMISYEN YO

## Pwosè Vèbal reyinyon pou chwazi Akademisyen yo

Mèkredi 15 oktòb 2014

Reyinyon Komite Seleksyon an kòmanse a 3è nan apremidi. Reyinyon sa a se pou chwazi 33 manm Akademi Kreyòl la. Gen 48 dosye. Chak manm nan komite a te analize tout dosye yo, selon kritè komite a te defini.

Pou chak dosye li te wè, manm lan te bay dosye a yon nòt sòti 1 rive 30 selon kritè yo. Komite a pran dosye yo grenn pa grenn. Li mande chak moun ki nòt li bay pou premye dosye a. Si nòt yo parèy, pa gen diskisyon, swa kandida aksepte kòm akademisyen, swa li pa aksepte. Men si nòt yo diferan, komite a pran dosye a, li gade li ansanm. Chak moun esplike nòt li bay la. Epi gen yon antant ki fèt sou dosye a. Swa yo aksepte li ou non.

E sa kontinye konsa pou tout 48 dosye yo, youn apre lòt. Se konsa, komite vin gen lis non 33 premye akademisyen kreyòl yo. Se :

- 1- Nicolas ANDRE, Lengwis, Créole Trans.
- 2- Emmanuel M. BAZILE, Edikatè, Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl
- 3- Max Gesner BEAUVOIR, Antwopològ, Konfederasyon Nasyonal Vodouyizan Ayisyen.
- 4- André Serge BELLEGARDE, Tradiktè, Inivèsite Notre Dam d Ayiti
- 5- Jean Grégory CALIXTE, Lengwis, Sekretè Leta pou Alfabetizasyon
- 6- Adeline Magloire CHANCY, Edikatri, Sosyete Animasyon Kominikasyon Sosyal.
- 7- Jacques Philippe Christophe CHARLES, Pwofesè, Tanbou-literè
- 8- Pierre Michel CHERY, Jesyonè, Sosyete Animasyon Kominikasyon Sosyal
- 9- Michel Frederic DEGRAFF, Lengwis-pwofesè, Inivèsite Karayib
- 10- Fritz DESHOMMES, Ekonomis-pwofesè, Inivèsite Leta d Ayiti
- 11- Rogeda Dorcé DORCIL, Lengwis-pwofesè, Fakiltè Lengwistik Aplike
- 12- Wilner DORLUS, Lengwis-pwofesè, Sosyete Animasyon Kominikasyon Sosyal.
- 13- Marie Rodny Laurent ESTEUS, Edikatri-Tradiktè, Créole Trans
- 14- Odette Roy FOMBRUN, Edikatri, Gwoup Refleksyon ak Aksyon pou yon Ayiti tou Nèf
- 15- Michel Frantz GRANDOIT, Pè katolik-pwofesè, Sekretè Leta pou Alfabetizasyon

- 16- Michel Ange HYPPOLITE, Pwofesè, Gwoup Refleksyon ak Aksyon pou yon Ayiti tou Nèf /  
Sosyete Koukouy
- 17- Gesner JEAN PAUL, Pwofesè, Fakilte Lengwistik Aplike
- 18- Jean Pauris JEAN-BAPTISTE, Pastè-lengwis, Ministè Kilti
- 19- Samuel JEAN-BAPTISTE, Edikatè, Kopivit-Laksyon Sosyal
- 20- Marky JEAN-PIERRE, Pwofesè, Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl
- 21- Joseph Sauveur JOSEPH, Lengwis-pwofesè, Sant Na Rive
- 22- Rochambeau LAINY, Pwofesè, Fakilte Lengwistik Aplike
- 23- Frenand LEGER, Pwofesè, Sosyete Animasyon Kominikasyon Sosyal (SAKS)
- 24- Jacques Max MANIGAT, Pwofesè, Sosyete Koukouy
- 25- Guy Gérald MENARD, Pwofesè, Fondasyon Anne Marie Morisset /Inivèsite Leta d Ayiti
- 26- Claude PIERRE, Pwofesè-ekriven, Ministè Kilti / Jounal Bòn Nouvèl
- 27- Pierre-André PIERRE, Monseyè-pwofesè, Komisyon Episkopal pou Tradiksyon Bib la.
- 28- Christian Emmanuel PLANCHER, Pè legliz katolik, Jounal Bon Nouvèl
- 29- Marie Marcelle Buteau RACINE, Pwofesè, Centre de Recherche et de Formation  
Economique et Sociale pour le Développement. (CRESFED)
- 30- Clotaire SAINT-NATUS, Sosyològ-edikatè, Fondasyon Moris Sixto
- 31- Joachim Gérard Marie TARDIEU, Edikatè, Kopivit Laksyon Sosyal
- 32- Marie Jocelyne TROUILLOT, Pwofesè, Tabou Literè / Inivèsite Karayib
- 33- Féquière VILSAINT, Biyolojjs-edite, Educa-Vision

Reyinyon an fini a 4è.




Junior Fils René  
Fakilte Lengwistik Aplike



Emmelie Prophète  
Ministè Kilti



Frank Milbain  
Ministè Edikasyon Nasyonal



Sony Estéus  
Sosyete Animasyon  
Kominikasyon Sosyal



Abbé Wildort Ménard  
Jounal Bon Nouvèl



Chantal Noël  
Inivèsite Leta d Ayiti